

Florida's Turnpike
Kesyon avèk répons sou wout peyaj tout elektwonik-louvri
Août 2011

Nan Février 2011 Florida's Turnpike Enterprise (FTE) te komanse yon sistèm kolekte peyaj sou wout peyaj yo depi Milepost 0 nan Florid City jiska Milepost 47 nan Miami/Dade konte tout elektwonikman.

FTE toujou sevi avèk nouvo teknoloji ki permet pou le koleksyon de peyaj tout elektwonikman a moun ki sevi avèk Sunpass transpondeur e moun ki pa sevi avèk SunPass la.

Q. Ki sa ki wout peyaj tout elektwonik-louvri?

A. Mete tou senpleman, li se yon teknoloji ki pèmèt pou koleksyon peyaj elektwonikman. Peyaj ap kolekte nan yon transpondeur SunPass, oswa nan TOLL-BY-PLATE. TOLL-BY-PLATE la se yon sistèm ki kaptire foto plak lisans machin kliyan yo le yo pase anba peyaj elektwonik yo. Pwojè a pote benefis pa anpeche moun ralanti machin yo pou peye peyaj kach.

Q. Poukisa FTE chanje koleksyon peyaj pou tout elektwonik?

A. Depi pwogram SunPass la te komanse nan 1999, Turnpike la te toujou gen objektif elimine kach koleksyon pou peyaj sou otowout yo. Elektwonik koleksyon se yon fason fasil pou kolekte peyaj. Sa se yon opsyon ki plis an sekirite ak plis pratik pou peye peyaj. Jodi a, twa nan kat kliyan Turnpike sèvi avèk SunPass la, epi kantite sa ap kontinye grandi. Kounye a ke teknoloji pou kolekte peyaj tout elektwonikman se isit; FTE pral avanse avèk koleksyon peyaj tout elektwonik pou asire ke kliyan li yo resevwa bon valè pou vwayaj yo nan fòm de sèvis sekirite, avèk fasilite koulye a ak nan lavni. Miami-Dade Expressway Authority (MDX), ki opere senk peyaj otowout nan Konte Miami-Dade pral elimine kach koleksyon pou peyaj. Turnpike ap kolabore avèk MDX nan chanjman pou tout elektwonik peyaj.

Q. Ki benefis ki gen nan tout wout peyaj elektwonik louvri?

A. Sekirite – Elimine trafik konfli ant kliyan ki peye lajan kach ak kliyan SunPass.

Konvenyans – Kliyan yo pa pral bezwen ralanti oswa kanpe machin yo pou peye peyaj. Peyaj yo pral ranmase elektwonik avèk SunPass oswa avèk TOLL-BY-PLATE.

Anviwònman – Paske pa gen kliyan kap bezwen ralanti oswa kanpe machin pou peye peyaj, emisyon machin yo epi bri oto yo ap redwi nan plaza peyaj yo. Sa pral lakòz mwens polisyon ak mwens bri trafik pou rezidan kap viv tou pre otowout yo.

Ekonomi – Sa ap ede kliyan redwi kantite gaz yo itilize. Epi elimine sispann-ak-ale kondui. Kliyan yo ki te peye kach, men ki vin enskri pou SunPass la ap ekonomize lajan.

Q. Ki plaza peyaj yo te konvèti?

A. Kat plaza avèk 33 ranp peyaj plaza ki sou Ekstansyon Turnpike la, ant Milepost 0 (Florid City) ak Milepost 47 (Miramar) te konvèti 19 Février 2011. Tout plaza peyaj sou segman sa to konvèti pou kolekte peyaj tout elektwonikman.

Q. Èske pral gen konstriksyon sou Turnpike la ant Milepost 0 ak Milepost 47, e ki jan li pral afekte kondwi mwen?

A. Konvèsyon an pou tout-elektwonik peyaj aplike sou 19 Février, travay konstriksyon yo ap kontinye jiska fin 2011. Tout kabin peyaj yo ap retire. Florida's Turnpike la ap kontinye fè efò pou minimize enpak konstriksyon sou piblik la. Siy elektwonik ap mete sou jou sa yo le wout pral fèmen, pou bay konsèy pou piblik la. Ou ka rele nan nimewo 5-1-1 oswa vizite www.fl511.com avan vwayaje ou pou enfòmasyon trafik.

Q. Ki sa kap rive sou tout rès Turnpike la, ki lè li pral kapab konvèti?

A. Nan moman sa, gen lajan ki disponib pou konvèti tout plaza sou Turnpike la ki lokalize ant Golden Glades ak Interstate 595 nan Broward. Konstriksyon pral komanse nan 2012 epi konvèsyon an ta pran plas nan 2013. Evantyèlman, tout plaza peyaj ap-elektwonik sou tout segman Turnpike la.

Q. Èske gen lòt wout ki pa gen okenn lajan kach, e ki tout-elektwonik, sou Turnpike la?

A. Otorite a Miami-Dade Expressway (MDX), li te elimine koleksyon lajan kach sou twa nan otowout li yo-State Road 924, State Road 874 ak State Road 878. Otorite pou Expressway Tampa-Hillsborough (THEA) elimine koleksyon lajan kach pou peyaj sou Expressway Selmon li yo.

SUNPASS

Q. Mwen deja genyen yon SunPass. Èske chanjman sa a afekte m?

A. Non, ou tou pare pou chanjman sa. Jis asire ke enfòmasyon ki sou kont SunPass ou se kòrèk : adrès ki sou enskripsyon otomobil ou (plak machin) ak pèmi chofè machin. Pou ou bay nouvo anrejistreman veyikil ou oswa lisans pou kondwi ale nan Depatman Sekirite Otowout ak Veyikil a Motè (DHSMV) nan www.flhsmv.gov. Pou ou bay nouvo info sou kont SunPass ou, ale nan www.SunPass.com oswa rele 1-888-TOLL-FLA (888-865-5352), nan lè 7 am jiska 7 pm Lendi a Vandredi.

Q. Èske mwen dwe gen yon SunPass si mwen vle kondwi sou Turnpike la ak wout peyaj lòt ki pa gen koleksyon lajan kach pou peyaj?

A. Ou pa oblije achte yon SunPass, men li trè rekòmande. Genyen yon kont SunPass ofri anpil benefis:

- Moun ki itilize SunPass la ekonomize 25 pousan pou peyaj.
- Kliyan ki sevi SunPass Plus kapab itilize transpondeur yo pou peye pakin nan Tampa, Miami, Fort Lauderdale-Hollywood, Orlando ak èpòt nan Palm Beach.

Pou moun ki pa kondui sou Turnpike la anpil e ki pa gen yon SunPass, gen yon pwogram yo rele TOLL-BY-PLATE.

Q. Èske mwen bezwen gen yon kat kredi oswa kat debi pou sèvi ak SunPass oswa TOLL-BY-PLATE?

A. Non. Yon kat kredi pa nesèsè. Kounye a, kliyan SunPass ka itilize lajan kach pou plen kont SunPass la epi cheke balans lan sou sit entènèt SunPass. Vizite www.sunpass.com/CashReplenishment.cfm pou plis detay epi pou jouin yon kote toupre pou peye kach pou kont SunPass la. Plizye kote pou peye epi achte yon SunPass pral ajoute nan mwa kap vini yo. Evantyèlman, kliyan yo pral kapab sèvi ak lajan kach pou peye pou TOLL-BY-PLATE nan lokasyon retail yo.

Anpil, kliyan SunPass ka toujou plen kont yo avèk chèk oswa lajan kach nan nenpòt ki branch Wachovia Bank nan Florid. Men, pou fè sa, yo dwe gen yon tikè depo SunPass ak kont nimewo yo (SunPass ap bay sou demann). Lòt kote ki aksepte lajan kach pou peye SunPass la se: SunPass Customer Service Center sou Glades Road in Boca Raton; Garcon Point Bridge nan Milton; Pinellas Bayway nan St. Petersburg; epi Mid-Bay Bridge nan Niceville.

Q. Èske mwen dwe yon rezidan la Florid pou sevi SunPass la?

A. Ou pa bezwen yon rezidan Eta Florid. Nenpòt moun ka yon kliyan SunPass.

Q. Èske mwen ka itilize sistèm E-ZPass pou peye pou peyaj nan Eta Florid?

A. Non. E-ZPass ak SunPass pa konpatib nan moman sa, men Florida's Turnpike la ap travay sou yon solisyon pou enteroperabilite ak operatè E-ZPass.

Q. Èske yon transponde SunPass Mini pral entèfere ak operasyon E-ZPass mwen?

A. Non. SunPass Mini-an pa pral anpeche operasyon E-ZPass ou. Transpondeur yo gin pwotokòl diferan epi yo pa pral enskri peyaj ki deyò jiridiksyon yo.

TOLL-BY-PLATE

Q. Kijan TOLL-BY-PLATE travay?

A. TOLL-BY-PLATE se yon sistèm peyaj ki travay pa kaptire yon imaj de plak machin yon veyikil kòm yon machin le yo pase anba kabin peyaj elektwonik you. Sistèm la ka koresponn plak machin la ak mèt ki anrejistre veyikil la. Kliyan an ap resevwa yon fakti TOLL-BY-PLATE pou peyaj yo fèt sou yon peryòd 30-jou, plis yon chaj administratif \$ 2.50 pou chak fakti chak

mwa. Fakti a ap gen ladan enfòmasyon sou ki jan pou peye sou entènèt, telefòn oswa pa lapòs. TOLL-BY-PLATE se 25 santim pi wo pase SunPass la.

Q. Ki kote sou Turnpike la TOLL-BY-PLATE la pral disponib?

A. TOLL-BY-PLATE la pral disponib sou Turnpike la nan Milepost 0 a Milepost 47 nan Konte Miami-Dade. Lè yon machin san yon SunPass vwayaje sou segman sa nan Turnpike la, ekipman la peyaj pral pran yon foto plak machin lan ak bòdwo mèt kay la machin ki anrejistre. Si ou pa yon kliyan SunPass, ou dwe itilize liy oto yo ki lajan kach nan tout lòt kote sou Turnpike la.

Konte Miami-Dade ak Tampa-Hillsborough otorite Expressway gen pwòp TOLL-BY-PLATE pwogram yo. Pou plis enfòmasyon, ale nan www.MDXORT.com ak www.saveontolls.com.

Q. Èske TOLL-BY-PLATE pral disponib sou 95 Express nan Miami Dade County?

A. Non. Pou vwayaje sou 95 Express, kliyan yo doue gen yon SunPass transpondeur. Ale nan <http://www.95express.com> pou plis enfòmasyon.

Q. E si plak lisans machin lan soti nan yon lòt eta?

A. Sistèm TOLL-BY-PLATE la pral disponib pou moun ki gen plak lisans soti nan lot eta. Ou ka rele 1-888-TAG-TOLL (888-824-8655) ant 7 am ak 7 pm Lendi jiska Vandredi pou enskri yon prépayé kont TOLL-BY-PLATE. Oswa jis kondwi, epi ou pral resevwa yon fakti nan lapòs la.

Q. E si moun kondui yon machin prêtée oubyen si yon moun kondui machin moun sou wout peyaj yo?

A. Sistèm TOLL-BY-PLATE la ap poste yon bil pou mèt la ki anrejistre sou machin lan. Ou responsab pou peye si yon moun sèvi ak machin ou sou wout peyaj yo. E si ou kondui yon machin moun sou wout peyaj moun sa ap responsab pou peye, e lap jouin yon bil nan lapòs.

Q. TOLL-BY-PLATE sanble fasil ak pli pratik, poukisa mwen ta dwe achte yon SunPass?

A. Genyen yon SunPass ofri benefis adisyonèl. Kliyan SunPass peye mwens peyaj, ak ekonomi 25 santim sou peyaj, e moun ki sevi sistèm TOLL-BY-PLATE la peye yon chaj administrative adisyonèl. Kliyan SunPass yo ka itilize transpondeur SunPass la sou prèske tout wout peyaj ak pon toupatou nan Florid, ak pou peye pou pakin nan èpòt. Achte yon SunPass se tre facil. Vizite www.sunpass.com.

Q. Èske moun bezwen gen yon kat kredi oswa kat debi pou sèvi ak SunPass oswa TOLL-BY-PLATE?

A. Non. Yon kat kredi pa nesesè. Kounye a, kliyan SunPass ka itilize lajan kach pou plen kont SunPass la epi cheke balans lan sou sit entènèt SunPass. Vizite www.sunpass.com/CashReplenishment.cfm pou plis detay epi pou jouin yon kote toupre pou

peye kach pou kont SunPass la. Plizye kote pou peye epi achte yon SunPass pral ajoute nan mwa kap vini yo. Evantyèlman, kliyan yo pral kapab sèvi ak lajan kach pou peye pou TOLL-BY-PLATE nan lokasyon retail yo.

Anpil, kliyan SunPass ka toujou plen kont yo avèk chèk oswa lajan kach nan nenpòt ki branch Wachovia Bank nan Florid. Men, pou fè sa, yo dwe gen yon tikè depo SunPass ak kont nimewo yo (SunPass ap bay sou demann). Lòt kote ki aksepte lajan kach pou peye SunPass la se: SunPass Customer Service Center sou Glades Road in Boca Raton; Garcon Point Bridge nan Milton; Pinellas Bayway nan St. Petersburg; ak Mid-Bay Bridge nan Niceville.

RENTAL CARS

Q. Kisa kap rive si mouin nan yon machin loue?

A. Florida's Turnpike Enterprise genyen kontra avèk konpayi machin loue yo pou ofri kliyan yon jan fasil pou vwayaje wout peyaj nan Florid. Dapre kontra ki genyen avèk konpayi yo, konpayi yo bay Turnpike la yon lis tout machin yo genyen pou loue avèk nimewo plak lisans machin yo. Sa ede Turnpike la pou chaje konpayi yo pou peyaj ke kliyan te sevi le yo te loue machin yo.

Q. E si mouin loue yon machin nan yon lòt eta?

A. Pa gen diferans pase loue yon machin nan Eta Florid. Si ou loue yon machin ki sòti nan yon konpayi kap patisipe, Turnpike la pral voye yon bil bay konpayi a pou peyaj yo.

Q. Ki konpayi machin loue ki ofri program peyaj?

A. Konpayi machin loue ki patisipe nan moman sa se: Advantage, Alamo, Avis, Budget, Dollar, Enterprise, Hertz, National, Sunshine, Thrifty, Penske Truck Leasing and Ryder. Gen nan konpayi yo ki chaje pou peyaj sevi pa jou oubyen pa semèn. Lòt konpayi bay peyaj san limit pour yon pri pou chak jou oswa chak semèn. Nou rekòmande kliyan cheke avèk konpayi yo pou konprann ki chaj pou peye le ou sevi wout peyaj yo nan yon machin loue. Pou plis enfòmasyon sou konpayi machin loue ou ka vizite www.SunPass.com/rentalcar.

Q. Kisa kap rive si mouin pa siyen kontra avèk yon konpayi machin loue pou yon program peyaj?

A. Konpayi machin loue-a ap jouin yon bil nan lapos pou peyaj ou te sevi nan machin lan. Epi konpayi machin lan ap peye bil la anfavè ou. Men yo pral chaje ou anplis pou tan ak servis yo pou peye bil la.

Q. Kisa kap rive si mouin loue yon machin soti nan yon konpayi ki pa ofri yon program peyaj?

A. Yon foto machin la oubyen yon foto plak lisans machin la ap kaptire sou yon kamera, epi yon bil ap poste sou konpayi a ki anrejistre sou machin lan. Konpayi machin lan ap peye bil la anfavè ou, men yo pral chaje ou pou tan ak sevis yo pou peye bil la. Nou rekòmande kliyan cheke avèk konpayi yo pou konprann ki chaj pou peye le ou sevi wout peyaj yo nan yon machin loue.

Q. Kisa kap rive si moun loue yon machin soti nan yon konpayi ki pa ofri yon program peyaj?

A. Yon foto machin la oubyen yon foto plak lisans machin la ap kaptire sou yon kamera, epi yon bil ap poste sou konpayi a ki anrejistre sou machin lan. Konpayi machin lan ap peye bil la anfavè ou, men yo pral chaje ou pou tan ak sevis yo pou peye bil la. Nou rekòmande kliyan cheke avèk konpayi yo pou konprann ki chaj pou peye le ou sevi wout peyaj yo nan yon machin loue.

Q. Kisa kap rive si moun pa siyen kontra avèk yon konpayi machin loue pou yon program peyaj?

A. Konpayi machin loue-a ap jouin yon bil nan lapos pou peyaj ou te sevi nan machin lan. Epi konpayi machin lan ap peye bil la anfavè ou. Men yo pral chaje ou anplis pou tan ak sevis yo pou peye bil la.

Q. E si moun nan yon kamyon loue, tankou U-Haul?

A. Yon foto kamyon an oubyen yon foto plak lisans kamyon an ap kaptire sou yon kamera, epi yon bil ap poste sou konpayi ki anrejistre sou kamyon an. Konpayi kamyon an ap peye bil la anfavè ou, men yo pral chaje ou pou tan ak sevis yo pou peye peyaj la. Nou rekòmande kliyan cheke avèk konpayi yo pou konprann ki chaj pou peye le ou sevi wout peyaj yo nan kamyon machin loue.

ENFOMASYON ADISYONEL

Q. Ki kote moun ka jouin plis enfòmasyon?

A. Pou enfòmasyon ou ka ale nan sit entènèt: www.FloridasTurnpike.com/all-electronic tolling
Kontakte Sonyha Rodriguez-Miller, Public Information Officer, nan 954-934-1276, **1-800-749-PIKE** (7453) ou Sonyha.Rodriguez-Miller@dot.state.fl.us